



City of Somerville Food Waste Collection

Mèsi pou enterè w nan Pwogram Pilòt Ranmasaj Dechè Manje Vil Somerville la.

Aplikasyon pou pwogram pilot la ouvé kounya a nan somerillecomposts.com

Pwogram Pilòt Ranmasaj Dechè Manje Vil Somerville la Manje an pral ofri yon ranmasaj dechè manje sou twotwa yo gratis pou 1200 fwaye ki kalifye jiska mi 2027. Patisipan yo ap resevwa yon veso pou mete sou tab evye kizin yo pou mete rès manje yo, yon poubèl pou twotwa pou mete deyò chak jou nan semen nan ke fatra ranmase, ak materyèl enfòmasyon sou kòman pou fè konpòs. Pwogram pilot la pral disponib pou fwaye ki nan yon pati nan Lès Somerville la pou kòmanse (gade kat zòn pilot la sou somerillema.gov/foodwaste). Fwaye ki kalifye yo dwe tou nan yon bilding ki gen sis inite lojman oswa mwens e pa dwe deja genyen yon souskripsyon pou konpostaj twotwa ki aktif.

Pou tout kesyon konsènan aplikasyon nan pwogram pilot la, tanpri kontakte ekip sipò Garbage to Garden lan nan (617) 977-4547 lendi pou rive vandredi ant 8:30 a.m. ak 4 p.m., oswa voye yon imèl nan info@garbagetogarden.org. Garbage to Garden se founisè konpostaj apati ranmasaj sou twotwa pou pwogram pilòt sa a nan Vil Somerville la.

Si w bezwen èd pou tradui oswa konprann enfòmasyon sa a, tanpri rele nan 311 (617-666-3311) oswa kontakte nou nan languageaccess@somerillema.gov. Vil Somerville la kapab ba w yon entèprèt gratis. Moun ki gen andikap yo ki bezwen akomodasyon dapre Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la (ADA) pou aksede a pwogram sa a, tanpri kontakte 311 (617-666-3311).

Kat Katye nan East Somerville ki Kalifye pou Pwogram Pilòt Ranmasaj Dechè Manje a.

